

# PLAN KONSOLIDE

PWOPOZE

## 2024 Plan Aksyon Anyèl

**Eric Adams**

Majistra Vil New York

**Daniel Steinberg**

Direktè, Biwo Operasyon Majistra a



**NYC**

Mayor's Office of  
Operations

Anvigè 20 jen 2024

The logo features three concentric black arcs on the left side, resembling a stylized 'C' or a signal icon. To the right of these arcs, the word 'PLAN' is written in a bold, black, sans-serif font. Below 'PLAN', the word 'KONSOLIDE' is written in a larger, bold, black, sans-serif font.

**PLAN**  
**KONSOLIDE**

**2024**

**Eric Adams**

Majistra Vil New York

**Daniel Steinberg**

Direktè, Biwo Operasyon Majistra a

The logo consists of the letters 'NYC' in a large, bold, black, sans-serif font. Below 'NYC', the words 'Mayor's Office of Operations' are written in a smaller, black, sans-serif font, stacked on two lines.

**NYC**  
Mayor's Office of  
Operations

# Rezime Egzekitif

## AP-05 Rezime Egzekitif - 24 CFR 91.200(c), 91.220(b)

### 1. Entwodiksyon

Plan Aksyon Yon Ane Pwopoze Pou Plan Konsolide (Proposed Consolidated Plan One-Year Action Plan) 2024 la ("Plan Aksyon Pwopoze a") se aplikasyon anyèl Vil New York bay Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (United States Department of Housing and Urban Development, HUD) pou kat pwogram dwa Biwo Planifikasyon Kominotè ak Devlopman (Office of Community Planning and Development): Sibvansyon Kolektif pou Devlopman Kominotè, (Community Development Block Grant, CDBG), Patenarya Envestisman HOME (Home Investment Partnerships, HOME), Sibvansyon pou Solisyon Dijans (Emergency Solutions Grant, ESG), ansanm ak Opòtinite Lojman pou Moun ki gen SIDA (Housing Opportunities for Persons with AID, HOPWA).

Anplis de sa, Plan Aksyon Pwopoze a sèvi non sèlman kòm aplikasyon Vil la pou fon Dwa yo (Entitlement funds), men tou kòm aplikasyon sibvansyon HOPWA pou Zòn Estatistik Metwopoliten Elijib HOPWA Nouyòk (Eligible Metropolitan Statistical Area, EMSA) a. Kòm rezilta revizyon nan zòn estatistik metwopoliten yo (Bilten Biwo Jesyon ak Bidjè Nimewo 18-04) te pibliye pa Biwo Jesyon ak Bidjè (Office of Management and Budget), konpozisyon Divizyon Metwopoliten yo nan New York-Newark-Jersey City, NY-NJ-PA Zòn Estatistik Metwopoliten (Metropolitan Statistical Area, MSA) chanje ki afekte Ane Fiskal Federal (Federal Fiscal Year, FFY) 2022. Dapre OMB Bilten Nimewo 18-04 ak 42 USC 12903(c)(2)(B), jiridiksyon HOPWA EMSA Vil Nouyòk apati FFY 2022 ak alokasyon ki swiv yo enkli konte sa yo: Konte Bronx, NY; Kings County, NY; Konte Nouyòk, NY; Konte Putnam, NY; Konte Queens, NY; Konte Richmond, NY; Konte Rockland, NY; ak Konte Westchester, NY.

An 2024, Vil la te resevwa **\$297,908,307** nan fon dwa pou kat pwogram sibvansyon admisibilite fòmil HUD yo: **\$171,459,454** pou CDBG; **\$65,955,937** pou HOME; **\$45,621,999** pou HOPWA; ak **\$14,870,917** pou ESG.

## 2. Rezime objektif ak rezilta yo idantifye nan plan an

Tablo Objektif Estratejik HUD – CDBG sèlman	
<b>DH-1: Aksesibilite nan bi pou bay Lojman Desan ak Abòdab</b>	<b>\$28,356,000</b>
4 pwogram ki konsantre sou lojman aksesib pou moun ki gen andikap, bay lojman an sekirite pou moun ki deplase nan ka dife oswa lòt ijans, epi jwenn lojman pèmanan abòdab pou fanmi ki pa gen kay yo.	
<b>DH-3: Dirabilite nan bi pou bay Lojman Desan ak Abòdab</b>	<b>\$180,107,000</b>
6 pwogram ki konsantre sou amelyore kalite lojman nan abòde vyolasyon Kòd Lojman an, fè reparasyon ijans, ak/oswa fè reyabilitasyon modere.	
<b>EO-1: Aksesibilite nan bi pou kreye Opòtinite Ekonomik</b>	<b>\$2,785,000</b>
1 pwogram ki konsantre sou revitalize distri komèsyal yo nan zòn ki gen revni ki ba ak modere epi bati kapasite devlopman kòporasyon lokal yo ak òganizasyon komèsan yo.	
<b>EO-2: Abòdabilite nan objektif pou kreye Opòtinite Ekonomik</b>	<b>\$4,524,000</b>
1 pwogram ki bay sèvis edikasyon gratis pou fanmi/moun ki gen revni ba ak modere.	
<b>SL-1: Aksesibilite nan objektif pou kreye Anviwònman Vi Apwopriye</b>	<b>\$12,531,000</b>
5 pwogram ki ofri aktivite lwazi, sèvis pou moun ki sanzabri, sèvis pou viktim vyolans domestik ak lòt krim, ak operasyon sant kominotè.	
<b>SL-2: Abòdabilite nan bi pou kreye Anviwònman Vi Apwopriye</b>	<b>\$187,000</b>
1 pwogram ki ofri manje gratis pou moun ki gen ensekirite alimantè.	
<b>SL-3: Dirabilite nan bi pou kreye Anviwònman Vi Apwopriye</b>	<b>\$10,211,000</b>
3 pwogram ki konsantre sou korije oswa anpeche vyolasyon nan enstalasyon piblik Vil la, demoli estrikti danjere, ak amelyore pwopriyete istorik yo.	
<b>Pa aplikab - Planifikasyon / Administrasyon</b>	<b>\$37,269,000</b>
5 pwogram ki kategorize kòm aktivite Planifikasyon oswa Administrasyon, ki pa oblije satisfè yon Objektif Estratejik HUD, men ki ofri avantaj tankou pwomouvwa lojman jis, evalye ak deziyen pwopriyete pou estati istorik, etidye lojman lib ak abòdab, sipòte etid planifikasyon nan tout yon zòn, epi asire ke fon CDBG yo itilize an konfòmite ak règleman federal yo.	
<b>Total</b>	<b>\$275,970,000</b>

### HOME Patenarya Envestisman (HOME)

Pou atenn objektif elaji aksè a lojman sekirite ak sanite ki abòdab, pwogram HOME lan pral finanse pwogram sa yo an 2024:

- De pwogram espere resevwa yon total kimilatif \$55,151,760 nan bi pou bay aksè a yon lojman desan ak abòdab.
- Yon pwogram atann aske li resevwa yon total kimilatif \$20,000,000 nan bi pou bay lojman desan ak abòdab.

- Rès fon HOME yo, apeprè \$8,350,196, pral itilize pou administrasyon pwogram ak planifikasyon, kidonk, li pa aplikab pou deklarasyon rezilta/objektif HUD.

#### Sibvansyon pou Solisyon Ijans (ESG)

- Yon pwogram espere resevwa yon total kimilatif \$7,529,019 nan objektif pou bay adilt ki pa gen timoun minè k ap fè eksperyans sanzabri nan abri ijans yo sèvis.
- Youn nan pwogram yo espere resevwa yon total \$904,695 nan bi pou bay sèvis sansibilizasyon nan lari ak sèvis pou moun ki sanzabri, yon fason pou fasilite plasman yo nan opsyon lojman tanporè ak pèmanan.
- Yon pwogram espere resevwa yon total \$3,095,370 nan objektif pou bay sèvis pou anpeche sanzabri atravè òganizasyon kominotè yo.
- Rès fon ESG yo, apeprè \$3,341,833, yo pral itilize pou aktivite Sistèm Enfòmasyon Jesyon Sanzabri yo (Homeless Management Information System, ki gen ladan devlopman kontinyèl Sistèm Evalyasyon ak Plasman Kowòdone (Coordinated Assessment and Placement System, CAPS), sistèm Kowòdone Antre Vil Nouyòk, nan objektif pou evalye, konekte ak mete moun ki pa gen kay nan yon lojman pèmanan.

#### Opòtinite lojman pou moun ki gen SIDA (HOPWA)

Pou reyalize objektif pou bay lojman sipò pèmanan, asistans pou peye lwaye ki baze sou Lokatè, plasman lojman pèmanan, ak prevansyon sanzabri pou moun ki gen revni fèb k ap viv ak VIH/SIDA (persons living with HIV/AIDS, PLWHA), pwogram HOPWA a gen entansyon sèvi apeprè 3,000 kay atravè EMSA chak ane avèk entansyon pou satisfè bezwen priorite pou bay lojman abòdab pou PLWHA ki gen revni fèb.

Espesyalman, nan ane 2024:

- Twa patwon pwojè yo pral konsantre sou prevansyon sanzabri pami PLWHA ki gen revni fèb yo atravè livrezon Asistans pou peye lwaye ki konsantre sou Lokatè nan Lower Hudson Valley.
- Yon patwon pwojè a pral diminye sanzabri pami PLWHA ki gen revni fèb yo, ogmante estabilite lojman pami PLWHA ki gen revni fèb yo, epi ankouraje aksè a swen pami PLWHA ki gen revni fèb yo atravè livrezon Lojman Pèmanan nan zòn Metro Nouyòk.
- Trèz sipòtè pwojè yo pral ogmante estabilite lojman pou moun ki gen revni ba PLWHA epi ankouraje aksè a swen nan bay Lojman Pèmanan ki baze sou Enstalasyon ak Sèvis Sipò nan zòn metwo NYC.

- Yo te pibliye Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposal, RFP) Fanmi HOPWA yo, epi yo te idantifye 3 moun ki ap sipòte pwojè yo pou ede 90 Fanmi HOPWA ki elijib nan Zòn Metro Vil Nouyòk la. Pri kay pou fanmi ki bezwen 2 oswa plis chanm plis pase pri kay granmoun ki poukont yo. Se poutèt sa, kontra sa yo gen yon MRA ogmante pou pèmèt kapasite pou lwe lojman ki an sekirite, ki estab ak abitab pou gwo fanmi sa yo.
- RFP Granmoun Selibatè HOPWA te pibliye 15 me 2024 la. Menm jan ak RFP ki mansyone pi wo a, MRA a te ogmante siyifikativman konpare ak montan anvan an, pou pèmèt peye pri lojman ki pi wo ak rezèv limite ki genyen nan apatman estidyo ak yon chanm nan Vil Nouyòk. RFP sa a se pou 20 kontra, 20 kay chak, pou yon total de 400 kay yo dwe sèvi. Gen 6 popilasyon priyoritè: granmoun selibatè, granmoun ant 18-26, granmoun ki gen plis pase 55, moun ki fèk nan prizon, moun ki gen yon dyagnostik sante mantal ak moun ki gen yon istwa itilizasyon dwòg.

### 3. Evalyasyon pèfòmans avan yo

Rapò Sou [Pèfòmans Anyèl Plan Konsolide](#) 2023 Vil la (Consolidated Plan Annual Performance Report, CAPER) Ou ka jwenn aksè nan Sit entènèt Biwo Operasyon Majistra a.

Pou evalyasyon Vil Nouyòk sou pèfòmans pase yo nan fon dwa fòmil HOPWA, tanpri al gade nan HOPWA CAPER 2023 Vil la.

### 4. Rezime Pwosesis Patisipasyon Sitwayen ak pwosesis konsiltasyon

Vil la itilize diferan metòd notifikasyon pou enfòmè piblik la. Yo te voye plis pase 1,300 notifikasyon bay rezidan, òganizasyon, ak ofisyèl piblik Vil Nouyòk ki te envite kòmantè yo pandan peryòd revizyon piblik la pou Plan Aksyon Anyèl Pwopoze 2024 la.

Anplis de sa, avi konsènan odyans piblik la te pibliye nan kat jounal lokal: yon jounal Anglè, yon Panyòl, yon Ris ak yon lang Chinwa chak jou, yo chak ak sikilasyon nan tout vil la.

Anplis de sa, avi a te afiche sou sitwèb Biwo Operasyon Majistra a (Mayor's Office of Operations). Yon vèsyon PDF Plan Aksyon Anyèl 2024 afiche nan Biwo Operasyon Majistra a [sit entènèt](#) pou revizyon piblik ak telechajman.

Biwo Operasyon Majistra a te anonse yon Peryòd Kòmantè Piblik 30 jou sou *Fòmilasyon Plan Aksyon Anyèl 2024 Pwopoze a* nan Jedi 14 Mas 2024 – Vandredi 12 Avril 2024. Yo te fè yon Odyans Vityèl Jedi 4 Avril soti 6:00-7:00 pm pou *Fòmilasyon Plan Aksyon Anyèl 2024 Pwopoze a*.

Biwo Operasyon Majistra a te anonse yon peryòd 30 jou kòmantè piblik soti 27 Jen 2024 jiska 26 Jiyè 2024 sou soumisyon final *Plan Aksyon Anyèl 2024 la*. Y ap fè yon Odyans Vityèl Jedi 18 Jiyè 2024 apati 6:00-7:00 pm pou *Plan Aksyon Anyèl 2024 Pwopoze a*.

Piblik la te resevwa enstriksyon pou soumèt kòmantè ekri yo sou Pwopozisyon Plan Aksyon Anyèl 2024 anvan fen jounen travay, 26 Jiyè 2024 bay: Lisa Rambaran, New York City Consolidated Plan Program Manager, Mayor's Office of Operations, 253 Broadway 10th Floor, New York, New York 10007, imèl: [ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov](mailto:ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov).

**5. Rezime kòmantè piblik yo**

**6. Rezime kòmantè oswa opinyon yo pa aksepte yo ak rezon ki fè yo pa aksepte yo**

**7. Rezime**